



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 1ye out 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO VOTE LWA KI ETABLI YON PWOGRAM PILÒT POU KAMERA KAP KONTWOLE VITÈS  
NAN ZÒN LEKÒL NAN NEW YORK CITY**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te vote jodi a lwa ki otorize New York City tabli yon pwogram demonstrasyon senkan pou kontwole zòn limitasyon vitès lekòl nan New York City ak kamera pou kontwole vitès ak pou pèmèt yo genyen prèv sou kamera ki pral itilize pou enpoze responsablite pou eksè vitès. Nouvo lwa sa pral ogmante sekirite timoun, pyeton ak chofè nan zòn limitasyon vitès lekòl New York City grasa ankourajman y ap bay chofè pou yo kondi ak prekosyon nan zòn sa yo epi vin kore efò polisye ap fè pou sezi enfraksyon epi anpeche aksidan ki rive akòz eksè vitès.

“Eksè vitès nan zòn lekòl mete timoun nou yo andanje, kidonk anpeche konpòtman danjere sa dwe yon priyorite,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Lwa sa pral pèmèt New York City lanse yon pwogram pilòt pou wè si itilizasyon kamera pou kontwole vitès nan zòn lekòl se yon mwayen efikas pou fè prevansyon aksidan ak pou pwoteje pyeton ak chofè. Kamera sa yo pral vin kore efò polisye yo pou derasin enfraksyon eksè vitès nan zòn pwoteje sa yo, epi ankouraje chofè itilize prekosyon lè y ap kondi nan zòn lekòl. Angwo, sa pral pote yon anviwonman lekòl ki gen plis sekirite pou elèv nou yo.”

Majistra New York City a, Michael Bloomberg, te di konsa, “Teknik sikilasyon novatris ak aplikasyon agresif lalwa te pèmèt kantite moun ki mouri nan sikilasyon nan New York City bese nan yon to rekò ki janm genyen nan dizan ki sot pase yo. Men eksè vitès rete sèl pi gwo kòz aksidan sikilasyon nan New York City. Diminye kantite chofè kap kondi tout boulin se yon mezi ki rekoni pou sove lavi, epi se sa menm lwa sa vin fè. Mwen vle remèsye Gouvènè a, Sena Eta New York la ak Asanble a dèske yo te reponn ak demann nou an epi yo te adopte lwa sa ki pral pou anpil nan asire n ap ka kontinye pwoteje kèk nan Nouyòkè pi vilnerab nou yo.”

Lwa a otorize New York City enstale kamera pou kontwole vitès nan 20 zòn limitasyon vitès lekòl nan yon moman detèmine. Pwogram kamera pou kontwole vitès sanble anpil ak pwogram kamera pou limyè wouj New York la, tankou:

- Responsablite legal pou enfraksyon pral enpoze sou pwopriyetè machin lan;
- Se NYC Parking Violations Bureau kap jije enfraksyon an; epi
- Amann lajan an pa dwe depase \$50 pou chak enfraksyon, esepite gen yon \$25 amann anplis ki ka enpoze si moun lan pa reponn yon avi responsablite legal nan peryòd tan ki presize a.

Haitian Creole

Si City a enplemanje pwogram demonstrasyon senkan sa, City a dwe mennen yon etid epi soumèt yon rapò bay Gouvènè a ak Legislati Eta a sou efikasite pwogram lan, tankou: (i) kantite aksidan, moun mouri, ak moun blese nan tout zòn limitasyon vitès lekòl konpare ak kantite ki genyen nan zòn limitasyon vitès lekòl kamera ap kontwole; (ii) kantite enfraksyon eksè vitès nan tout zòn limitasyon vitès lekòl konpare ak kantite ki genyen nan zòn limitasyon vitès lekòl kamera ap kontwole; (iii) kantite avi responsablite legal ki distribiye, tretman enfraksyon yo, ak amann ki ranmase; (iv) depans pwogram lan; ak (v) yon evalyasyon kalite pwosesis abitraj pwogarm lan ak rezilta li yo.

Lwa sa ap rantre anvigè nan 30 jou epi l ap espire nan senkan.

Lidè Kowalisyon Majorite Sena a, Jeffrey D. Klein, ki te sponsorize pwojè lwa Sena a, te di konsa, “Se yon bèl viktwa pou paran ak elèv nan tout New York City. Grasa nouvo kamera sa yo, nou pral ede mete fren nan chofè danjere nan zòn lekòl. Lè chofè konnen gen yon je kap swiv yo, yo pral reflechi de fwa anvan yo peze sou akseleratè yo. Sa gen yon enpòtans kapital nan zòn lekòl, kote menm senk mil alè ka fè yon diferans ant lavi ak lanmò yon timoun. M aplodi Gouvènè Cuomo ak kòlèg mwen yo nan Sena a ak Asanble a pou apwobasyon lwa pou sove lavi sa.”

Manm Asanble Deborah J. Glick, ki te sponsorize pwojè lwa a, te di konsa, “M aplodi desizyon Gouvènè Cuomo a dèske li vote pwojè lwa sou Kamera pou Kontwole Vitès mwen an. Vòt pwojè lwa sa vle di nou genyen yon zouti anplis pou pwoteje timoun kap mache pou ale ak soti lekòl. Eksè vitès se premye kòz aksidan mòtèl nan New York City. Lwa sa pa pral arete machin kap fonce tout boulin sèlman, men tou li ka kòmanse chanje abitud eksè vitès lakay tout chofè.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418